

7 avril

Nòs la pare... Donk, ale nan tout kafou nan lari a. Epi, tout moun nou jwenn, envite yo nan nòs la.

Matye 22. 8, 9

... Mwen p ap gen jistis pa mwen, sa ki soti nan lalwa a. Men m ap gen jistis, moun jwenn grasak lafwa yo nan Kris la. Filipyen 3. 9

Maryaj pitit wa a

Kèk parabòl; Matye 22. 1-14

Rezime : Yon wa t ap fè yon gwo fèt pou maryaj pitit gason l. Li voye sèvitè li yo al chèche moun li te envite yo, men yo refize. Li fè yon lòt envitasyon ankò, men tout envite yo jwenn pretèks ankò. Lè sa a, wa a mande yo pou y al chèche tout moun ki ta byen renmen vini, “move moun tankou bon moun”. Epi sal la te plen ! Wa a antre, epi li wè yon nonm ki pa t gen rad nòs la : li fè yo mete l deyò !

Siyifikasyon : envitasyon nan nòs la, se pwoklamasyon levanjil la. Sèvitè yo se moun k ap anonse levanjil la. Premye envite yo se te jwif ki t ap viv nan tan Jezi t ap viv la, men anpil nan yo te refize, e yo te pèsèkite kretyen yo. Lè sa a, yo te voye kretyen sa yo toupatou nan lemond, e anpil moun te aksepte levanjil la. Kèk moun te fè kòm si, men yo pa t aksepte jistis gratis ke Bondye te ofri yo a, ke rad nòs la reprezante.

Aplikasyon : Levanjil la pou tout moun, pou tout moun ki pèdi nan sa ki mal tankou pou sila yo ki ta sanble onorab. Poukisa ? Paske pou antre, okenn sa moun merite pèsònèlman pa gen valè : fòk ou mete rad jistis lafwa nan Jezi Kris la bay la. Si yon moun vin jwenn kretyen yo san li pa gen Jezi kòm Sovè li, ala sipriz k ap tann li, ki kalite sò k ap tann li !

Ou gen lèt envitasyon wa a nan men ou. Meprize ak refize l se kèk repons ki posib... sa pa sifi pou yo envite ou, fòk ou aksepte, epi vini jan Bondye vle l la : mete rad jistis Kris la pa lafwa nan li.

7

avril

La noce est prête... ; allez donc dans les carrefours des chemins et, tous les gens que vous trouverez, invitez-les aux noces. Matthieu 22. 8, 9

... N'ayant pas ma justice qui vient de la Loi mais celle qui est par la foi en Christ. Philippiens 3. 9

Mariage du fils du roi

Quelques paraboles ; Matthieu 22. 1-14

Résumé : Un roi fait un festin pour le mariage de son fils. Il envoie ses serviteurs chercher les invités, qui refusent. Il renouvelle l'invitation, mais les invités trouvent encore des excuses. Alors le roi dit d'aller chercher tous ceux qui voudront bien venir, "tant mauvais que bons". Et la salle se remplit ! Le roi entre et voit un homme qui n'a pas la tenue de noces : il le fait mettre dehors !

Signification : L'invitation aux noces, c'est la proclamation de l'évangile. Les serviteurs sont ceux qui l'annoncent. Les premiers invités étaient les Juifs contemporains de Jésus, mais beaucoup ont refusé, et ont persécuté les chrétiens. Alors ceux-ci ont été envoyés partout dans le monde, et beaucoup de gens ont accepté l'évangile. Certains ont fait semblant, n'acceptant pas la justice gratuite que Dieu offre, représentée par l'habit de noces.

Application : L'évangile est pour tous, pour ceux qui sont perdus dans le mal comme pour ceux qui paraissent honorables. Pourquoi ? Parce que pour entrer, les mérites personnels ne comptent pas : il faut être revêtu de la justice que donne la foi en Jésus Christ. Si quelqu'un se joint aux chrétiens sans avoir Christ comme Sauveur, quelle confusion l'attend et quel sera son sort final !

Vous avez la lettre d'invitation du roi entre les mains. Le mépris et le refus sont des réponses possibles... Il ne suffit pas d'être invité, il faut accepter, et venir de la manière voulue par Dieu : revêtu de la justice de Christ par la foi en lui.